Eta New York ak EPIC Medicare ap travay ansanm

Kisa EPIC ye?

Pwogram Pwoteksyon Asirans Famasi pou Granmoun aje (Elderly Pharmaceutical Insurance Coverage) (EPIC) se yon pwogram nan Eta New York ki bay granmoun aje èd ak ko-peman pou preskripsyon Medikaman ki kouvri ak Medicare Pati D pandan yo nan limit pwoteksyon asirans (yo fin depanse lajan pou medikaman ki kouvri epi yo dwe peye preskripsyon ann antye) (ann Angle coverage gap oswa donut hole). EPIC kouvri tou medikaman ki pa nan Medicare Pati D ki achte pandan limit pwoteksyon asirans. Ko-peman EPIC se $3-$20 sadepan pri medikaman an.

Pwogram lan gratis – pa gen frè ni dediktib. Epi, EPIC peye prim plan Medicare Pati D, jiska montan yon plan debaz, pou manm ki gen revni anyèl nan limit $23000 pou selibatè ak $29000 pou moun marye. Moun ki gen revni ki pi wo dwe peye prim asirans Pati D yo.

Kilès ki ka antre ladan?

- yon rezidan nan Eta New York laj 65 an oswa plis ki gen revni anyèl nan limit $35000 pou selibatè oswa $50000 pou moun marye, ak
- yon granmoun aje kalifye ki gen yon Medicaid Spend-Dowm ki pa resevwa tout benefis Medicaid

Aplikasyon pou Medicare Pati D

Moun ka aplike pou EPIC anvan yo enskri nan yon plan Medicare Pati D, men tout manm EPIC dwe gen Pati D pou yo ka resevwa benefis EPIC. Poutèt EPIC se yon pwogram asistans famasi leta ki kalifye (SPAP), manm yo ka rantre nan yon plan Pati D pandan ane a depi yo enskri nan EPIC oswa yo gen posiblite chanje pou plan Medicare Pati D yon fwa pandan ane a.

Kouman pou aplike

- Ranpli aplikasyon an nèt epi siyen li.
- Si w marye, nou toude oumenm ak mari oswa madanm ou ka itilize yon sèl fòm.
- Si w marye epi n ap viv ansanm, nou toude oblije siyen fòm lan.
- Ranpli revni total ou pou ane sivil anvan an.
- Si ou marye epi n ap viv ansanm, rapòte revni total pou ni oumenm, ni mari oswa madanm ou, menmsi se yon sèl moun k ap aplike.

Pou plis enfòmasyon rele gratis liy asistans EPIC la nan **1-800-332-3742** (**TTY 1-800-290-9138**)
Dawounlod yon aplikasyon nan lang Angle oswa Panyòl nan: **http://health.ny.gov** *Klike sou EPIC for Seniors*
Oswa ekri ba:

EPIC
P.O. Box 15018
Albany, New York 12212-5018

Eta New York ak EPIC Medicare ap travay ansanm

Aplikasyon

Tanpri, ekri aklè an lèt detache!

Kilès k ap aplike? ☐ Oumenm **sèlman** ☐ Oumenm **ak mari/madanm ou**

Siyati w | Prenon w | Inisyal Dezyèm Prenon w

Obonswende (si li diferan ak sa ki anwo a)

Adrès kote w rete (se pa Bwat Postal)

Vil | Eta | Kòd postal

Adrès kote ou resevwa lèt ou (si li diferan ak sa ki anwo a)

Vil | Eta | Kòd postal

Nimewo Sekirite Sosyal

Sèks

☐ Fi ☐ Gason

Dat nesans ou

Mwa / Jou / Ane

Nimewo telefòn ou

Nimewo Areyakòd

( )

Sitiyasyon Fanmi

☐ Vèf/Vèv, Selibatè oswa Divòse

☐ Marye

☐ Marye, ap viv apa

Non mari/madanm (si li vivan)

Siyati | Prenon | Inisyal Dezyèm Prenon

Nimewo Sekirite Sosyal mari/madanm

Dat Nesans mari/madanm

Mwa / Jou / Ane

Mete Nimewo reklamasyon Medicare ou (kat koulè wouj, blan ak ble a) _____

Mete Nimewo Reklamasyon Medicare mari/madanm ou (kat koulè wouj, blan ak ble a) _____

(Tanpri ranpli Paj 2)

OU BEZWEN ÈD? RELE GRATIS NAN: 1-800-332-3742

Rapòte revni total ou pou ane sivil anvan an.

- **Si w marye, epi n ap viv ansanm, ou dwe mete ansanm revni anyèl pou oumenm ak mari/madanm ou, menmsi se yon sèl nan nou k ap aplike. Si w marye men n ap viv apa, rapòte revni anyèl ou sèlman.**
- **Miltipliye montan chak mwa yo pa 12 pou jwenn revni anyèl la.**

	Revni anyèl ou	Revni anyèl mari oswa
1. Benefis Sekirite Sosyal ak/oswa Retrèt nan Vwa Fere (Railroad Retirement Benefits), *(mwens prim Medicare)* yo peye w pa chèk oswa depo dirèk	$ _____	$ _____
2. Lòt Revni: ki konsène Pansyon, Rant, Enterè, Dividann, Distribisyon IRA, Gen-an-kapital, Salè, Revni oswa Pèt Biznis, Revni nèt Lwaye, elatriye	$ _____	$ _____
3. REVNI ANYÈL TOTAL (Adisyone liy **1** ak **2**)	$ _____	$ _____

Li ak anpil atansyon epi siyen anba a:

Mwen sètifye enfòmasyon ki sou fòm sa a kòrèk. Mwen abite nan Eta New York epi mwen p ap resevwa tout benefis Medicaid kounye a. Mwen konnen mwen oblije bay dokiman ki pwouve laj mwen, revni, rezidans, kondisyon Medicare ak plan Medicare Pati D pou medikaman, si m genyen. Mwen konnen tou mwen oblije enskri nan yon plan Medicare Pati D pou Medikaman pou m ka enskri nan EPIC. Mwen konnen si mwen pa bay enfòmasyon pou idantifye, ki nesesè pou enskri nan yon plan Pati D, oswa pwogram sibvansyon Medicare, si m kalifye, sa ka lakòz yo sispann asirans EPIC la. Mwen dakò pou gen echanj tout enfòmasyon ki nesesè pou verifye si m kalifye ant EPIC, Administrasyon Sekirite Sosyal, Medicare, Pwogram Medicaid Eta New York, Depatman Taks Eta New York, plan Medicare Pati D pou medikaman, e nenpòt lòt antite ki nesesè. Sizoka Epic fè doub peman oswa twòp-peman, mwen sede ba EPIC nenpòt benefis medikaman mwen gen dwa pou genyen dapre nenpòt plan Pati D oswa plan leta. Mwen bay founisè swen sante m otorizasyon pou bay pwogram EPIC la enfòmasyon medikal mwen ki gen rapò ak preskripsyon e/oubyen dyagnostik pou itilize pou peman, verifikasyon oswa fonksyonnman anrapò ak swen sante.

Oumenm ak mari/madanm ou (si w marye epi n ap viv ansanm), dwe siyen anba a:

_____ _____
Siyati ou (reprezantan legal ou) Dat

_____ _____
Siyati mari/madanm (reprezantan legal li) Dat

Otorizasyon (SI OU VLE): Mwen dakò EPIC ka divilge enfòmasyon m ba moun/manm fanmi annapre yo ki patisipe nan swen sante m si sa nesesè pou okipe benefis EPIC mwen yo.

_____
Tanpri ekri non yo an lèt detache

Voye fòm ki fin ranpli a pa lapòs nan: **EPIC**
P.O. Box 15018
Albany, NY 12212-5018

oswa fakse li nan: (518) 452-3576

Eta New York ak EPIC Medicare ap travay ansanm

Enfòmasyon ki sou aplikasyon sa a rete an sekrè nèt epi yo itilize yo sèlman pou detèmine si w kalifye pou EPIC